

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Manusa Mimiti Ngaraos Sedih



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: Byron Unger; Lazarus

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.

Carita nomer 2 dugi 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu,
salami sanes kanggo tujuan komersil.


Sundanese

Gusti nyiptakeun sagala rupa, dunya sareng eusina. Gusti midamel jalmi anu kahiji nyaeta Adam, anu sareng istrina Hawa nempatan taman Eden. Aranjeuna teh baragja, sareng pisan, teras leres-leres taat ka Gusti, akrab pisan sareng Gusti, sosobatan sareng Gusti. Dugika dina hiji dinten ...




1

"Pasti Allah ngomong kieu, sakabeh tangkal anu aya di taman ieu buah na teu meunang didahar nya?" ceuk oray nanya ka Hawa "Bungbuahan anu aya di taman ieu meunang didahar kajaba anu hiji" Hawa ngajawab "lamun ku kuring dirampa atawa didahar pasti kuring paeh". "moal, moal nepika paeh" Ceuk oray the.




2




"Maneh bakal jadi siga Allah" teras Hawa jadi mikahoyong buah eta. Hawa nurut kana omongan oray teras buah eta ku Hawa teh diemam.

3




Saatos Hawa teu taat ka Gusti, Hawa ngajak Adam supados Adam oge ngaeman buah eta. Kedahna mah Adam teh nyarios kieu "Moal, kuring moal ngalanggar panyaur Gusti."

4



Waktos Adam sareng Hawa milampah dosa eta, ngalanggar parentah Gusti, aranjeuna sadar yen aranjeuna teh talanjang.

5



Aranjeuna ngala daun ara, teras didamel janten sapertos cawet anu tiasa nutupan aranjeuna. Adam sareng Hawa nyumput dina rungkun, supados teu kanyahoan ku Gusti.

6




Dina dinten anu endah, sareng seger, pasosonten Gusti teh jalan-jalan di Taman eta. Gusti uningaen kana naon anu tos dilakukeun ku Adam sareng Hawa. Adam nyalahkeun Hawa, Hawa nyalahkeun oray. Teras Gusti nyaur "Oray disapa, awewe bakal ngarasa nyeri lamun ngajuru."

7




"Adam kusabab maneh geus ngalakukeun dosa, taneuh disapa jadi pinuh kujujukutan jeung rungkun cucuk, maneh kudu digawe satakertanaga sangkan unggal poe bisa dahar."

8




Gusti nempatkeun Adam sareng Hawa di Taman anu endah, kusabab areunjeuna nagalakukeun dosa, aranjeuna janten papisah sareng Gusti anu hirup.

9




Gusti nyiptakeun pedang anu hurung kanggo ngahalangan Adam sareng Hawa sangkan teu balik deui ka Taman. Gusti ngadamelkeun acuk tina kulit kanggo Adam sareng Hawa. Timana Gusti teh nyandak eta kulitna?

10



Dina hiji waktos, saurang anggota kuluwarga anu enggal lahir, Adam sareng Hawa teh gaduh putra, anu kahiji namina Kain. Kain teh janten patani, putra anu kadua namina Habel, Habel janten pangangon.

11



Dina hiji dinten Kain nyandak sababaraha sayuran anu bade dipasihkeun ka Gusti janten kurban. Habel oge nyandak sababaraha embe anu pangsaena kanggo kurban ka Gusti teh. Gusti ngaraos seneng kana kurbana Habel.

12



Gusti teh teu senengeun kana kurbana Kain. Kain janten ambekeun pisan, tapi Gusti teh nyarios ka Kain "Lamun maneh migawe naon anu bener, naha kurban maneh moal ditarima?"

13



Kaambek Kain teh tetep wae aya, teu leungit. Sababaraha waktos ti harita di tegalan Kain neunggeul sareng maehan Habel.

14

Gusti nyaur ka Kain "Dimana Habel, adi maneh?" "Kuring teu nyaho", Kain ngabohong. "Naha kuring teh anu ngajagaan adi kuring?" Gusti ngahukum Kain, sagala rupa kaahlian Kain dina tani ku Gusti dileungitkeun, Kain janten jalmi anu sok ngalana kaditu-kadieu.



15

Kain janten jauh sareng Gusti, anjeuna nikah sareng putra Adam anu istri ngajanten hiji kulawarga. Teu lami ti dinya eta kulawarga Kain teh, anakna, incuna, buyutna, minuhan tanah anu di tempatan ku Kain.




16

Kulawarga Adam sareng Hawa oge tambah nyeueuran, harita mah manusa teh umurna langkung panjang dari pada ayeuna.



17

Waktos putrana anu namina Set lahir Hawa nyarios kieu "Allah tos masihan karunia ka kuring, masihan anak anu jadi gaganti Habel" Set teh saurang jalmi anu soleh pisan, anjeuna hirup dugi ka 912 taun, putra-putrana oge seueur pisan.



18

Di alam dunya teh, manusa janten jarahat, unggal turunan the malah tambah jahat. Akhirna Gusti mutuskeun bakal ngancurkeun umat manusa. Kitu oge ...



19

Sadaya sasatoan sareng sagala rupa manuk. Gusti handeueuleun tos nyiptakeun manusa. Tapi aya saurang jalmi anu matak pikaresepen Gusti.



20



Jalmi eta namina Nuh, turunan ti Set. Nuh teh jalmina bageur pisan, soleh, anjeuna hirupna raket pisan sareng Gusti.

21



Anjeuna gaduh 3 putra pameget. Anjeuna oge sok ngajarkeun ka putra-putrana sangkan hirup taat ka Gusti. Ayeuna Gusti ngagaduhan rencana ngalangkungan Nuh, rencana anu khusus

sareng aneh.

22

Manusa Mimiti Ngaraos Sedih

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 3-6

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunteun sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahirupan sim abdi, hapunteun sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyun sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin.
Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!